

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1. Kasang Tukang**

Prosés diajar ngajar di SMP mangrupa salasahiji sarana pikeun ngaronjatkeun kualitas Sumber Daya Manusia (SDM). Kamajuan élmu pangaweruh jeung téknologi mangaruhan kana kamekaran perilaku hirup jeung kahirupan masarakat. Kamajuan élmu pangaweruh kudu dibarengan ku prosés pendidikan. Ku ayana prosés pendidikan anu hadé kamungkinan bakal ngarojong kana hasil pendidikan anu hadé.

Prosés diajar ngajar mangrupa kagiatan penting sabab ngaliwatan prosés diajar siswa diperedih robah pangaweruhna, kaparigelanna, jeung sikepna kana kaayaan anu leuwih hadé. Ieu hal luyu luyu jeung hakékat diajar, saperti anu ditandeskeun ku Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002: 11), yén diajar nya éta prosés parobahan perilaku lantaran pangalaman jeung latihan. Hartina, tujuan kagiatan nya éta parobahan tingkah laku, anu pakait jeung pangaweruh, kaparigelan atawa sikap. Lumangsungna prosés diajar ngajar dipangaruhan ku stratégi pangajaran. Numutkeun Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002:5) nétélakeun yén,

*“dihubungkan dengan belajar mengajar, stratégi bisa diartikan sebagai pola-pola umum kegiatan guru-anak didik dalam perwujudan kegiatan belajar mengajar untuk mencapai tujuan yang telah digariskan.”*

Ari stratégi pangajaran mangrupa salasahiji tina komponén prosés diajar ngajar. Numutkeun Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002:48) komponén-komponén pangajaran téh ngawengku guru jeung murid minangka subjék diajar, tujuan nu hayang kahontal, bahan ajar, métode, téknik jeung modél diajar, alat jeung sarana, sumber pelajaran sarta évaluasi.

Dina kurikulum 2004, pangajaran basa Sunda di SMP téh ngawengku opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Ihwal opat kaparigelan basa téa dina pangajaran basa di sakola kudu diajarkeun kalayan saimbang. Ieu pamadegan téh luyu jeung pamanggih Rivers anu ditulis deui ku Iskandarwassid (2004:156) yén umumna jalma déwasa diperkirakeun ngagunakeun waktuna pikeun ngaregepkeun 45%, nyarita 30%, maca 16%, jeung nulis 9% dina aktivitas komunikasi sapopoéna, tapi dina prak-prakan pangajaran mah dipiharep opat aspék kaparigelan basa téh porsina saimbang. Pangajaran nulis mangrupa salasahiji tina opat pangajaran kaparigelan basa di SMP. Nurutkeun Tarigan (1994) nételakeun yén,

*“menulis merupakan suatu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk berkomunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.”*

Tulisan bisa ngébréhkeun rupa-rupa aktivitas laku basa kayaning midangkeun gagasan, kritik, usul, pangalaman, jeung sajabana. Pangajaran nulis bisa ditepikeun maké rupa-rupa modél ngajar. Modél ogé sering disébut pola anu

bisa digunakeun pikeun nurutan hiji wangun, éta pola téh nu bakal dijadikeun cara jeung patokan tina hiji hal anu dipikahayang (Rahman, 2005:53).

Salasahiji modél pangajaran basa nya éta modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) atawa *Kooperatif Terpadu Membaca dan Menulis*. Modél ieu digunakeun pikeun pangajaran maca jeung nulis anu leuwih nyoko kana méré tanggapan eusi téks. Modél CIRC méré kamungkinan ka murid ngébréhkeun rupa-rupa gagasan anu kapanggih tina téks, lantaran CIRC méré kasemptan ka murid pikeun maca, nyieun kacindekan sacara tinulis.

Panalungtikan anu geus aya ngeunaan modél pangajaran CIRC nu kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI Bandung nepi ka taun 2006, nya éta “Éfektivitas Modél Pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) dina Pangajaran Maca jeung Ngapréssiasi Dongéng” ku Hanifah (2006). Éta tulisan ngan ukur nalungtik macana wungkul acan ngabahas ngeunaan cara nulisna. Ku kituna, dumasar kana kasang tukang diluhur nu nyusun baris nalungtik ngeunaan “Kamampuh Nulis Karangan Déskripsi Ngagunakeun Modél *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung (Studi Kuasi Ékspérimén).”

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Watesan masalah dina panalungtikan diperlukeun pikeun nangtukeun arah panalungtikan sarta leuwih museur kana tujuan. Ku kituna, nu nyusun ngawatesanan lingkup panalungtikan ieu kana kagiatan nulis karangan déskripsi

para siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung semester 2 taun ajar 2006/2007 anu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC).

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan diantarana nya éta:

- 1) kumaha kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran CIRC?
- 2) kumaha kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC?
- 3) kumaha bédha signifikasi kamampuh siswa nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC?

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran CIRC.
- 2) kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC.
- 3) bédha signifikasi kamampuh siswa nulis karangan déskripsi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC.

## **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

Panalungtikan ieu diharepkeun bisa méré manfaat, diantarana:

### **a) Mangpaat Téoritis**

Mansaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal milih modél pangajaran nulis.

### **b) Mangpaat Praktis**

- 1) Pikeun ningkatkeun mutu pangajaran, panalungtikan ieu dipiharep bisa sumbangan pikeun ngaronjatkeun mutu jeung éfektipitas pangajaran Basa jeung Sastra Sunda.
- 2) Pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif dina modél pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun mutu pangajaran.
- 3) Pikeun siswa, bisa nyangking pangalaman jeung ngalati kamampuh nulis ngagunakeun model CIRC.
- 4) Pikeun sakola, bisa méré sumbangan dina usaha pikeun ngaronjatkeun mutu pangajaran di sakola.
- 5) Pikeun panulis, bisa ngaronjatkeun kualitas kaélmuan jeung ngimplemén tasikeun modél CIRC dina pangajaran nulis.
- 6) Pikeun lembaga, bisa dijadikeun bahan alternatif dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda.

## **1.5. Wangenan Operasional**

Istilah-istilah nu kudu dipedarkeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kamampuh nya éta asalna tina kecap mampuh, anu ngandung harti kuat atawa bisa, sedengkeun kamampuh nya éta kakuatan atawa kabisa (LBSS, 1992: 300). Patalina jeung panalungtikan di dieu nya éta kamampuh siswa

kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung semester 2 taun 2006/2007 dina nulis karangan déskripsi.

- 2) nulis nya éta ngebréhkeun ide atawa pikiran ngaliwatan media tinulis. Kagiatan nulis dina panalungtikan ieu nya éta siswa nulis karangan déskripsi.
- 3) karangan déskripsi nya éta wangun tulisan nu ngajéntrékeun hiji objék nu keur dipedarna.
- 4) siswa nya éta dina basa Sunda murid. Murid nya éta jalma anu keur guguru, anu keur diajar di sakola (LBSS, 1992: 321). Dina ieu panalungtikan siswa dijadikeun objek, sasaran pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh anu dipimilik ku siswa, hususna dina nulis karangan déskripsi nu ngagunakeun modél CIRC.
- 5) SMP nya éta lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan, lantaran pangajaran nulis dina kurikulum 2004 diajarkeun di kelas VIII. Dina panalungtikan ieu lokasi nu digunakeun nya éta SPM Pasundan 3 Bandung.
- 6) modél Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC) mangrupa salahiji modél pangajaran basa anu léngkah-léngkah gawéna:
  - a) guru ngawangun kelompok anu masing-masing kelompok kawangun ku opat siswa sacara hétérogén;
  - b) guru nepikeun wacana, méré téks wacana saluyu jeung bahan pangajaran;

- c) siswa maca éta téks wacana tuluy néangan idé pokok jeung méré tanggepan kana éta téks wacana nu ditulis dina lembar jawaban;
- d) siswa macakeun hasil gawé jeung batur sakelompokna;
- e) guru nyieun kacindekan babarengan jeung siswa;
- f) guru macakeun kacindekan.

## **1.6. Anggapan Dasar**

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kaparigelan nulis mangrupa salasahiji tina opat kaparigelan basa anu ditepikeun di SMP anu aya dina kurikulum 2004.
- 2) karangan déskripsi nya éta wangun tulisan nu patali jeung usaha nu nulis pikeun ngajéntrékeun hiji objék nu keur dipedarna (Keraf, 1982: 93).
- 3) modél pangajaran CIRC bisa diterapkeun dina pangajaran nulis.

## **1.7. Hipotésis**

Hipotésis panalungtikan ieu nya éta:

$H_0$ : teu aya béda anu signifikan antara hasil pratés siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung seméster 2 taun 2006/2007 saméméh dibéré pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC jeung hasil pascatés siswa sabada dibéré pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC.

$H_1$ : aya béda anu signifikan antara hasil pratés siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung semester 2 taun 2006/2007 saméméh dibéré pangajaran nulis

karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC jeung hasil pascatés siswa sabada dibéré pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC.

